

Èd Finansye

Jwenn èd pou peye bòdwo w la

Enfòmasyon sa a se pou nenpòt moun ki resevwa sèvis nan men yon etablisman AdventHealth oswa yon founisè swen sante ki afilye. Ou ka wè yon lis etablisman AdventHealth yo nan www.adventhealth.com. Antanke yon sistèm swen sante ki baze sou lafwa, nou bay tout pasyan swen medikal, pami yo moun ki gen pwoblèm peye pou sèvis yo resevwa paske yo pa touche ase lajan. Ou ka mande èd pou peye bòdwo w la nenpòt lè pandan w entènè lopital la oswa pandan y ap travay sou bòdwo w la.

Kalifye pou Èd

Si w resevwa sèvis ijans oswa lòt sèvis ki nesèsè sou plan medikal epi w pa ka peye bòdwo w la, ou ka kalifye pou jwenn èd finansye. Kantite èd w ap jwenn lan ap depann de revni anyèl kay ou ak kantite moun ki gen nan fanmi w. Si revni anyèl ou egal a oswa mwens pase 200% Gid Federal sou Povrete aktyèl la, ou p ap oblije peye bòdwo w la. Si revni anyèl ou pi plis pase 200%, men li mwens pase 400% Gid Federal sou Povrete a, w ap resevwa yon gwo rabè sou kantite lajan ou dwe a. Epitou, si bòdwo lopital ou a depase 25% revni anyèl kay ou a, epi revni anyèl kay ou a mwens pase 500% Gid Federal sou Povrete aktyèl la, ou ka kalifye pou jwenn èd finansye.

Gid Federal sou Povrete pou Ane 2023	
Kantite Moun ki gen nan Kay la	200% povrete
1	\$29,160
2	\$39,440
Pou chak lòt moun ki gen nan kay la, ajoute \$5,140	

Si revni w pa satisfè kritè pou yo peye tout bòdwo w la nèt, ou ka toujou kalifye pou resevwa èd pou yo peye yon pati nan bòdwo w la. Ou ka kalifye tou dapre lòt faktè yo ki nan aplikasyon w lan.

Aplike pou Èd

Ou ka aplike pou èd pou peye bòdwo w la an pèsòn, pa lapòs oswa nan telefòn. Pou w resevwa yon aplikasyon, rele depatman Sèvis Kliyantèl nou an nan 855-241-2455, vizite sitwèb nou an www.adventhealth.com, oswa ale nan zòn enskripsyon pasyan an nan nenpòt nan lopital nou yo. Enfòmasyon sa a disponib tou nan lòt lang sou sitwèb nou an oswa nan zòn enskripsyon pasyan yo.

Dokiman Sipò yo

Si w vle patisipe nan pwogram èd finansye nou an, w ap responsab pou w bay enfòmasyon ak dokiman yo atan. W ap bezwen pataje tout enfòmasyon yo mande yo, ki gen ladan kouvèti asirans sante ki aplikab pou vizit ou a, revni, byen, ak lòt enfòmasyon ki pral ede nou detèmine si ou kalifye pou jwenn èd. Dokiman yo ka gen ladan relve kont labank, fòmilè taks sou revni ak souch chèk yo. Si w pa bay enfòmasyon sa yo mande yo, sa ka lakòz ou pa kalifye pou pwogram èd finansye a.

Swen Ijans ak Swen Medikal ki Nesesè

Si w pa gen asirans epi w ap resewa swen ijans oswa lòt swen medikal ki nesèsè/ki pa ochwa, yo p ap faktire w plis pase moun ki gen kouvèti asirans yo. Nou konpare rabè yo bay pasyan ki asire yo ak konpayi asirans yo pou detèmine konbyen lajan ou dwe. Ou ka wè tout règleman èd finansye nou an sou sitwèb nou an, ki gen ladan kijan nou kalkile rabè sa yo.

Aktivite Rekouvremant yo

Yo ka rapòte bay yon ajans rekouvremant dèt bòdwo ki pa peye 100 jou apre dat premye relve a. Yo ka rapòte nan istwa kredi ou oswa nan istwa kredi moun ki siyen pou garanti w la, bòdwo ki pa peye 120 jou apre dat premye relve a. Oumenm, oswa moun ki responsab pou peye bòdwo w la, ka ranpli yon aplikasyon pou n aplike pou èd pou peye bòdwo w la nenpòt ki lè pandan pwosesis rekouvremant an.

Adrès Paj Entènèt AdventHealth Asistans Finansye:
www.adventhealth.com/legal/financial-assistance

Telefòn: 800-462-0490
Faks: 423-485-6627

Enfòmasyon Postal:
AdventHealth
PO Box 935979
Atlanta, GA 31193-5979



Aplikasyon Pou Asistans Finansyè

(Ou dwe ranpli tout pati amwenske li make pou w pa fè sa)

Siyati, Prenon Pasyan	Dat Nesans	Nimewo Sekirite Sosyal	*Kantite Moun Nan Kay la	Revni Chak Ane Kay la 12 Dènye Mwa yo \$
Si se Yon Minè, Siyati, Prenon Garan	Dat Nesans	Nimewo Sekirite Sosyal	Sous Revni Garan an	
Veyikil Nan Kay la tankou Machin/ Bato/RV (Ane/Mak/Modèl)	Balans Kont Kou- ran/Depay	Pwopriyete ou Genyen ak Valè yo	Balans Kont CD/ Retrèt/ Envestisman	Lèt byen
(Si ou vle bay li)	(Si ou vle bay li)	(Si ou vle bay li)	(Si ou vle bay li)	(Si ou vle bay li)
Adrès Pasyan an		Nimewo Telefòn Lakay	SI revni ou se \$0, tanpri chwazi youn:	
Vil, Eta, Kòd Postal		Lèt Nimewo Telefòn		Ap viv ak Fanmi
				Ap viv ak Zanmi
				Nan Retrèt
				Nan Chomaj
				Andikape
				San kay
		Kantite timoun ki poko gen 21 ane ki kay la: _____		

Tanpri li sa avan ou siyen. Mwen **SÈTIFYE** tout enfòmasyon mwen bay sou sityasyon finansyè mwen konplè ak egzat dapre tout konesans mwen. M ap aplike swa poukont mwen oswa ak asistans anplwaye nan lopital la pou NENPÒT ak TOUT ASISTANS ki kapab disponib nan sous gouvènman federal, eta, lokal ak prive pou peye pou fakti lopital sa a. Mwen konprann si mwen pa kopere ak lopital mwen lè li mande mwen enfòmasyon, yo kapab refize aplikasyon mwen pou asistans finansyè posib. Nan dokiman sa a, mwen bay pèmasyon epi mwen otorize ajan ki gen otorizasyon nan pwogram Medicaid la pou pataje ak lopital mwen an TOUT enfòmasyon sou sityasyon aplikasyon Medicaid mwen epi si yo ap te apwouve aplikasyon an ak rezon yo pa te apwouve li a. Mwen ap TRANSFERE bay lopital ki ba mwen swen an TOUT LAJAN mwen resevwa nan sous yo ki anwo a, yo ta ban mwen pou ede ak FAKTI LOPITAL mwen. Mwen menm, sou non mwen, ak pou fanmi mwen, reprezantan, doktè, konseye (ak pastè/prèt ladan) ak avoka ki otorize, dakò pou kenbe an sekre nenpòt kominikasyon alekri ak/oswa diskisyon ant mwen ak lopital ki ba mwen swen sou sa ki gen pou wè ak sèvis lopital la ban mwen. Mwen konprann lopital ki ba mwen swen an ap verifye enfòmasyon mwen bay yo, tankou ak ajans rapò sou kredi, epi AJANS FEDERAL ak/oswa ETA lòt ajans kapab verifye enfòmasyon sa yo tou lè li nesese. Mwen OTORIZE travay mwen pou bay lopital ki ba mwen swen an prè revni mwen. Mwen REKONÈT si yo te dekouvri nenpòt enfòmasyon mwen bay yo se manti, lopital ki ba mwen swen an ap re-evalye sityasyon finansyè mwen epi fè sa ki vin apwopriye.

Pou kalifye pou asistans, ou kapab bezwen bay omwen yon dokiman sipò ki verifye revni kay la. Kèk dokiman sipò kapab dènye deklarasyon enpo, yon W- 2 resan, yon lèt sipò notarye, ak plis bagay toujou. Yo kapab refize demann ou pou asistans si ou pa bay dokiman sipò. Si gen nenpòt rès lajan ou pa peye yo kapab pran plis aksyon koleksyon pou touche lajan an.

[Kandida eta Florida : Lwa Florida s.817.50 (1). Nenpòt moun, ki fè fwod ak volonte epi ak entansyon, pou jwenn oswa eseye jwenn machandiz, pwodwi oswa sèvis nan nenpòt lopital nan eta sa a ap koupab yon krim dezyèm degre, epi pinisyon li ap selon sa ki nan s.775.082 ou s.775-083.]

Pou asistans ak aplikasyon sa a, tanpri rele (407) 303-0500.

Siyati Aplikan/Garan

Dat Li Ranpli

*Lè w ap kalkile kantite moun ki nan kay la, se sèlman moun sa yo ki konte: 1) Fanmi san ou ki rete nan kay la, 2) Fanmi pa maryaj ki rete nan kay la, ak 3) Fanmi pa adopsyon legal ki rete nan kay la.

Pa Ekri Pi Ba a

Pa Ekri Pi Ba a				
Reason for Service	GAI	DOS	Family Size	Total Charges
1.0x	1.5x	2.0x	25% Rule	
\$	\$	\$	\$	
Recommendation for account disposition				
Finance Committee Disposition				
<div style="display: flex; justify-content: space-between; margin-top: 20px;"> <div style="width: 25%;"> <hr style="border: 0; border-top: 1px solid black; margin-bottom: 5px;"/> Manager </div> <div style="width: 25%;"> <hr style="border: 0; border-top: 1px solid black; margin-bottom: 5px;"/> Date </div> <div style="width: 25%;"> <hr style="border: 0; border-top: 1px solid black; margin-bottom: 5px;"/> Director </div> <div style="width: 25%;"> <hr style="border: 0; border-top: 1px solid black; margin-bottom: 5px;"/> Date </div> </div>				

POLITIK

Nimewo Politik la CW F 50.1	Non Politik la Èd Finansye
Anplasan Politik la Katye Jeneral Antrepriz	Depatman ki Responsab la Sèvis Finansye Pasyan
Pwopriyetè Politik/Pwopriyetè Egzekitif Ken Ursin	Dat Yo te Premye Krete li Mas 2006
Dat Politik la Antre Anvige 1ye janvyè 2023	Dat Revizyon Politik la Desanm 2022

Revizyon ki fèt nan politik sa a antre anvige nan dat 1ye janvyè 2023. Politik sa a aplike tou pou nenpòt kont pasyan yo ki gen dat sèvis soti 1ye janvyè 2021 jiska 31 desanm 2022 si pasyan an te soumèt yon aplikasyon ki nan dosye a.

- I. **DIMANSYON:** Politik sa a aplike pou tout antite ki nan AdventHealth, apade antite AdventHealth ki sitiye nan mache Colorado ak Illinois kote yon politik byen presi aplike pou rejyon an. Ale sou sitwèb AdventHealth lan pou plis detay sou politik la, fòmilè yo epi machaswiv yo. Politik sa a aplike tou pou nenpòt pasyan ki te depoze yon aplikasyon pou èd finansye. Yo ka fèbak pou tounen travay sou aplikasyon yo nan yon delè dizwit mwa yo oplita apre dat aplikasyon an.
- II. **OBJEKTIF:** AdventHealth pran angajman pou asire ekselans nan bay bon jan kalite swen sante pandan n ap reponn ak divès kalite bezwen moun yo k ap viv nan zòn nou bay sèvis yo genyen. AdventHealth konsakre tèt li ak lide ke swen dijans yo ta dwe aksesib pou tout moun, kèlkeswa laj, sèks, anplasan jewografik, orijin kiltirèl, mobilite fizik, oswa kapasite pou peye. AdventHealth pran angajman pou bay sèvis swen sante epi li rekonèt ke nan sèten ka yon moun ka pa gen mwayen pou l peye pou sèvis li resevwa yo. Objektif politik sa a se pou konfòme l avèk Seksyon 501(r) nan Kòd Revni Entèn lan (Internal Revenue Code) lan ak règleman ki adopte dapre Kòd la epi yo dwe entèprete ak aplike l annakò avèk règleman sa yo. Òganis k ap dirije AdventHealth lan te adopte politik sa a annakò avèk règleman yo ki nan Seksyon 501(r).

AdventHealth bay pasyan yo swen ijan san l pa fè diskriminasyon kèlkeswa kapasite pasyan yo pou peye, kapasite pou yo kalifye pou èd finansye, oswa disponiblite kouvèti tyès pati. Swen dijans defini kòm yon pwoblèm medikal ki manifeste poukont li pa mwayen sentòm ki ase grav anpil, ki ka gen ladan gwo doulè, oswa lòt sentòm ki grav anpil toudenkou yon fason ki fè si pasyan an pa jwenn swen medikal touswit, nan yon fason rezonab yo ka atann vin gen nenpòt nan sa ki annapre la yo: a) danje grav pou sante yon pasyan; b) pwoblèm grav nan nenpòt fonksyon kòporèl; epi c) malfonksyonman grav nenpòt ògàn oswa pati nan kò a. Sa gen ladan swen ki anrapò ak kondisyon sa yo apre premye tretman. Si kouvèti yon tyès pati pa disponib, AdventHealth ofri èd finansye pou moun ki kalifye yo. Tout kote sa posib, yon lopital oswa lòt òganizasyon ap antreprann yon evalyasyon kalifikasyon pou èd finansye anvan, oswa nan moman sèvis la. Etablisman lopital AdventHealth oswa yon antite ki gen rapò solid ak li (yon patenarya ki bay swen dijans oswa lòt swen ki gen nesite medikal kote AdventHealth gen yon enterè pwopriyete) pral bay èd finansye pou pasyan ki kalifye k ap resevwa sèvis dijans baze sou bezwen finansye.

konsidere vèsyon elektwonik politik sa a kòm vèsyon kontwole a. Yo konsidere kopi enprime yo kòm dokiman ki pa kontwole. Anvan w itilize yon kopi enprime, verifye ke se vèsyon aktyèl la.

POLITIK

Politik èd finansye a bay direktiv pou èd finansye yo bay pasyan endividyèl ki kalifye k ap peye pou pwòp tèt yo ak pasyan endividyèl ki kalifye ki dwe balans apre yo fin itilize asirans yo, k ap resevwa sèvis ijans oswa lòt sèvis ki nesèsè pou rezon medikal baze sou bezwen finansye yo. Epitou politik èd finansye sa a bay direktiv pou montan rabè yo ka fè tout pasyan ki peye pou pwòp tèt yo ki resevwa sèvis ki nesèsè pou rezon medikal yo peye.

Yo p ap bay rabè sou èd finansye ki baze sou bezwen finansye pou sèvis moun chwazi fè yo oswa ki pa ijans, eksepte jan sèl AdventHealth gendwa jije apwopriye selon ka. Pasyan yo ka aplike pou èd finansye annakò avèk direktiv yo ki prevwa nan politik sa a.

III. POLITIK: Yo ka konsidere moun k ap resevwa swen dijans yo pou èd finansye si pasyan an prezante ak nenpòt nan sa ki annapre la yo:

- Pa gen kouvèti asirans tyès pati ki disponib.
- Yo fin sèvi ak tout avantaj Medicare oswa Medicaid yo oswa yo konsidere yo pa kouvri epi pasyan an pa gen okenn lòt mwayen anplis pou l peye.
- Pasyan an gen asirans men li kalifye pou èd baze sou bezwen finansye ki gen rapò ak balans moun lan rete dwe apre l fin sèvi ak asirans li oswa rès pati li responsab pou l peye ak lajan ki sot nan pòch ki rete apre tout peman ki soti kay tyès pati yo.
- Pasyan ranpli kondisyon òganis byenfeyans onivo lokal yo ak/oswa onivo Eta a.
- Pasyan an deja kalifye pou èd (pa egzanp Medicaid), men sèvis yo bay yo pa kouvri.

A. Politik Èd Finansye a, Fòmilè Aplikasyon pou Èd Finansye a, ak Rezime Politik Èd Finansye a nan Langaj Klè a se dokiman transparan epi yo disponib pou moun yo sèvi yo nan nenpòt moman nan seri swen konplè y ap resevwa nan lang ki apwopriye pou zòn sèvis AdventHealth la, an konfòmite avèk Lwa sou Sèvis Èd pou Lang lan, epitou yo disponib nan lang prensipal yo pale nan tout popilasyon ki pa fin pale Anglè twò byen ki reprezante kantite pi piti a ant 1,000 moun oswa 5% manm nan kominote etablisman lopital AdventHealth la sèvi a (popilasyon ki pa fin pale Anglè twò byen ki ranpli kritè yo ki anwo a, yo pral rele yo nan rès dokiman politik sa a popilasyon ki defini kòm LEP). Sonje: Tradiksyon yo ka disponib pou òganizasyon nan kominote ki gen mwens pase popilasyon yo ki mansyone anwo a si yon lòt òganizasyon te gen popilasyon nesèsè a.

- Etablisman lopital AdventHealth yo pralibliye vèsyon konplè ak aktyèl fòmilè ki annapre la yo byen aklè epi yon fason pou tout moun kapab wè yo sou sit entènèt yo chak epi bay pasyan yo kopi sou papye lè yo mande:
 - Politik Èd Finansye
 - Aplikasyon pou Èd Finansye (sa gen ladan Deklarasyon Finansye Pasyan/Kandida a)
 - Rezime Politik Èd Finansye a nan Langaj Klè
 - Metodoloji pou kalkile montan maksimòm yo faktire pou pasyan ki peye pou pwòp tèt yo pou Montan yo Konn Faktire Dabitid (Amounts Generally Billed, AGB).
 - Doktè ki patisipe epi sa ki pa patisipe nan politik èd finansye AdventHealth lan.
 - Enfòmasyon pou kontakte Reprezantan Èd Finansye AdventHealth lan.
- Sit entènèt AdventHealth lan pral endike ke yon kopi politik èd finansye a, aplikasyon pou èd finansye a, epi rezime nan langaj klè a disponib, epi kijan pou w jwenn kopi sa yo nan lang prensipal popilasyon ki defini kòm LEP yo.
- Siyalizasyon ki deklare disponiblite èd finansye a pral afiche aklè nan espas piblik nan

konsidere vèsyon elektwonik politik sa a kòm vèsyon kontwole a. Yo konsidere kopi enprime yo kòm dokiman ki pa kontwole. Anvan w itilize yon kopi enprime, verifye ke se vèsyon aktyèl la.

POLITIK

etablisman lopital AdventHealth yo, sa gen ladan nan tout zòn admisyon ak anrejistreman yo ak nan Sèvis Dijans lan. Tout siyalizasyon ki endike ka gen yon èd finansye ki disponib ap gen ladan eleman ki annapre la yo:

- Etablisman lopital la oswa lòt adrès sit entènèt ki aplikab kote yo ka jwenn aksè nan politik èd finansye a, rezime nan langaj klè a, ak aplikasyon pou èd finansye a.
 - Nimewo telefòn ak lokal biwo fizik moun yo ka rele oswa ale pou yo jwenn kopi politik èd finansye a, aplikasyon pou èd finansye a oswa rezime nan langaj klè a oswa pou yo jwenn plis enfòmasyon sou dokiman sa yo, oswa pwosesis aplikasyon an.
 - Chak etablisman lopital AdventHealth ap mete kopi papye politik èd finansye a, aplikasyon pou èd finansye a ak rezime nan langaj klè a disponib sou demann epi san frè, alafwa nan espas piblik yo nan etablisman lopital la (sa gen ladan nan Depatman Dijans lan ak nan tout zòn admisyon ak anrejistreman yo) ak pa lapòs. Kopi papye yo ap disponib an Anglè ak nan lang prensipal nenpòt popilasyon ki defini kòm LEP yo. Yon kopi rezime nan langaj klè a sou papye disponib pou pasyan yo nan kad pwosesis admisyon oubyen egzeyat la.
 - Vizit reprezantan èd finansye yo: Sou demann pasyan an reprezantan èd finansye yo ka bay konsèy finansye pèsònèl pou moun ki entène nan yon lopital AdventHealth ki klase kòm moun ki peye pou pwòp tèt yo. Y ap itilize entèprèt, jan sa endike a, pou pèmèt gen bon jan kominikasyon avèk moun ki pa fin pale Anglè twò byen yo. Y ap mete kritè kalifikasyon yo ak enfòmasyon sou rabè yo disponib pou èd finansye a nan kabinè doktè, swen ijan ak lòt anviwònman tou.
 - Yo dwe distribye rezime nan langaj klè a ba manm nan kominote ke etablisman lopital AdventHealth lan sèvi a yo nan yon fason rezonab pou rive atenn manm sa yo nan kominote a ki gen plis chans bezwen èd finansye. Yon egzanp se ta distribisyon kopi rezime nan langaj klè bay òganizasyon yo nan kominote a ki reponn a bezwen sante popilasyon ki gen revni fèb yo tankou Navigatè Swen Sante yo, men se pa yo sèlman.
- B. Ni AdventHealth ni moun li sèvi, yo chak gen responsablite pou pwosesis jeneral yo anrapò ak prestasyon èd finansye a.
- Responsablite AdventHealth
 - AdventHealth gen yon politik èd finansye pou evalye ak detèmine kalifikasyon yon moun pou èd finansye.
 - AdventHealth gen yon mwayen pou fè konnen ak kominike pou gran piblik disponiblite èd finansye pou tout moun nan yon fason ki ankouraje tout patisipasyon moun lan nèt.
 - Manm mendèv AdventHealth nan Sèvis Finansye Pasyan yo ak Aksè Konsomatè yo konprann politik èd finansye AdventHealth la epi yo kapab dirije kesyon konsènan politik la bay reprezantan apwopriye yo nan lopital la.

konsidere vèsyon elektwonik politik sa a kòm vèsyon kontwole a. Yo konsidere kopi enprime yo kòm dokiman ki pa kontwole. Anvan w itilize yon kopi enprime, verifye ke se vèsyon aktyèl la.

POLITIK

- AdventHealth egzije pou mete nan tout kontra ak ajans tyès pati ki kolekte bòdwo onon AdventHealth, dispozisyon kontra alekri ki gen fòs legal ki prevwa ke ajans sa yo pral respekte politik èd finansye AdventHealth la.
 - Depatman Sik Revni AdventHealth la responsab sipèvizyon òganizasyonèl prestasyon èd finansye a ak politik/pwosesis ki kontwole èd finansye a ansanm ak pwosesis pou bòdwo yo ak koleksyon lajan yo.
 - Apre li resevwa demann moun lan fè pou èd finansye a, AdventHealth enfòme moun lan de desizyon l pran sou kalifikasyon an nan yon peryòd ki rezonab.
 - AdventHealth bay opsyon pou fè aranjman pou peman yo.
 - AdventHealth konfime ak respekte dwa moun lan genyen pou fè apèl kont desizyon yo epi chèche pou yo rekonsidere desizyon yo.
 - AdventHealth konsève (epi li egzije pou kontraktè faktirasyon yo konsève) dokiman ki soutni òf la, yon aplikasyon ak prestasyon èd finansye yo pandan yon peryòd omwen sèt ane.
 - AdventHealth pral revize epi entegre regilyèman gid federal sou povrete Depatman Sante ak Sèvis Sosyal Etazini pibliye yo, lè sa aplikab.
- Responsablite Chak Pasyan
 - Pou yo kapab konsidere l pou yon rediksyon 100% frè yo dapre politik èd finansye a, moun lan dwe kolabore avèk AdventHealth pou bay enfòmasyon ak dokiman ki nesèsè pou aplike pou lòt resous finansye ki deja egziste ki ka disponib pou peye pou swen sante, tankou Medicare, Medicaid, responsablite tyès pati, elatriye.
 - Pou yo kapab konsidere l pou yon rediksyon 100% frè yo dapre politik èd finansye a, moun lan dwe bay AdventHealth enfòmasyon finansye ak lòt enfòmasyon ki nesèsè pou detèmine kalifikasyon (sa gen ladan pou li ranpli fòmilè aplikasyon yo mande yo, bay dokiman sipò yo mande yo, epi kolabore konplètman nan pwosesis kòlèk ak evalyasyon enfòmasyon yo).
 - Yon pasyan ki peye pou pwòp tèt li ki pa kalifye pou yon rediksyon 100% frè yo baze sou bezwen finansye, yo p ap faktire pasyan sa a plis pase kantite lajan yo konn fè moun ki gen asirans ki kouvri swen sa yo peye nòmalman (Amount Generally Billed, AGB) epi pasyan an pral kolabore avèk lopital la pou mete an plas yon rezolisyon peman rezonab.
 - Yon pasyan ki peye pou pwòp tèt li ki pa kalifye pou yon rediksyon 100% frè yo baze sou bezwen finansye dwe fè efò an tout bòn fwa pou l rezoud balans li gen ki poko peye (yo). Moun lan responsab pou l enfòme AdventHealth san pèdi tan si gen nenpòt chanjman nan sitiyasyon finansye li dekwa pou yo ka evalye enpak chanjman sa a parapò ak politik èd finansye yo ki kontwole materyèl èd finansye a, bòdwo lopital li yo oswa dispozisyon plan peman yo.

konsidere vèsyon elektwonik politik sa a kòm vèsyon kontwole a. Yo konsidere kopi enprime yo kòm dokiman ki pa kontwole. Anvan w itilize yon kopi enprime, verifye ke se vèsyon aktyèl la.

POLITIK

C. Desizyon sou kalifikasyon pou èd finansye yo ak pwosesis pou aplike pou èd finansye yo pral san patipri, lojik epi y ap fèt san pèdi tan.

- **Idantifikasyon moun ki gen chans kalifye yo.** Yo pral respekte demann pou èd finansye yo jiska 240 jou apre dat yo voye relve bòdwo apre egzemat la pou swen yo bay pasyan an premye fwa pa lapòs oswa elektwonikman.
 - Pwosesis anrejistreman ak avan anrejistreman yo favorize idantifikasyon moun ki bezwen yon èd finansye.
 - Reprizantan èd finansye yo pral fè meyè efò yo pou kontakte pandan dewoulman sejou yo oswa nan moman egzemat yo tout pasyan entènè ki peye pou pwòp tèt yo.
 - Y ap ofri rezime nan langaj klè etablisman lopital AdventHealth la ansanm ak fòmilè aplikasyon pou èd finansye a bay chak moun lè y ap entènè oswa lè y ap ba l egzemat nan etablisman lopital la.
 - Y ap mete yon avi alekri byen vizib sou tout relve bòdwo yo ki konseye ak enfòmè benefisyè yo sou disponiblite yon èd finansye dapre politik èd finansye AdventHealth lan epi ki gen ladan sa ki annapre la yo: 1) nimewo telefòn depatman èd finansye AdventHealth ki ka bay enfòmasyon sou politik èd finansye a ak pwosesis aplikasyon pou èd finansye a; epi 2) sitwèb la kote yo ka jwenn kopi politik èd finansye a, aplikasyon pou èd finansye a, ak rezime nan langaj klè a.
 - Yo pral eseye nan fason rezonab pou enfòmè moun yo nan bouch osijè politik èd finansye AdventHealth lan ak kijan moun lan ka jwenn èd pou aplikasyon pou èd finansye a. AdventHealth pral sèvi ak divès resous pou kominike avèk pasyan yo, sa gen ladan men se pa yo sèlman, imèl, relve sou papye, lèt, ak kouffil, anplis entèraksyon fas a fas yo.
 - Yo pral bay moun lan omwen yon avi alekri, ansanm ak yon kopi rezime nan langaj klè a, ki konseye ak enfòmè moun lan ke èd finansye disponib pou moun ki kalifye yo, epi ki endike ke AdventHealth ka angaje lòt aksyon koleksyon estwòdinè byen presi si moun lan pa soumèt yon aplikasyon pou èd finansye oswa li pa peye kantite lajan li dwe a nan yon dat limit byen presi. Dat limit sa a pa ka pi bonè pase 120 jou apati dat etablisman lopital la bay premye relve bòdwo apre egzemat la pou swen yo. Yo dwe remèt moun lan avi a omwen 30 jou anvan dat limit ki presize nan avi a
- **Demann pou Èd Finansye.** Yo ka resevwa demann oswa aplikasyon pou èd finansye yo apati plizyè sous (sa gen ladan pasyan an, yon manm fanmi, yon òganizasyon kominotè, yon legliz, yon ajans koleksyon, responsab swen, Administrasyon, elatriye).
 - Yo pral voye demann yo resevwa nan men tyès pati yo bay yon reprizantan asistans finansye.
 - Reprizantan asistans finansye a pral travay avèk tyès pati a pou bay resous pou ede moun lan nan pwosesis aplikasyon an.
- **Kritè Kalifikasyon yo**

konsidere vèsyon elektwonik politik sa a kòm vèsyon kontwole a. Yo konsidere kopi enprime yo kòm dokiman ki pa kontwole. Anvan w itilize yon kopi enprime, verifye ke se vèsyon aktyèl la.

POLITIK

- AdventHealth ofri divès kalite rabè pou pasyan yo ki pa gen asirans k ap resevwa swen dijans. Pasyan ki peye pou pwòp tèt yo ki rapòte revni ki pi wo pase kat san pousan Gid Federal sou Povrete yo oswa pasyan yo pa gen enfòmasyon sou revni ki disponib pou yo kalifye pou yon rabè ki redui balans lan vin nan Montan yo Konn Faktire Dabitid (AGB) menm jan pou moun ki gen kouvèti asirans. Pousantaj sa a pral varye selon antite oswa lokal presi a epi yo pral mete li ajou chak ane nan [Pyès jwent](#) 1. Rabè sa yo ka ogmante pita vin nan yon rediksyon 100% nan frè ki aplikab yo si yo detèmine pasyan an kalifye dapre politik la epi li bezwen èd finansye dapre politik sa a.
- Pou w kalifye pou yon rediksyon san pousan (100 %) frè ki aplikab yo (sa vle di yo anile tout dèt pasyan ki peye pou pwòp tèt yo a dwe ak anile tout pati pasyan an responsab pou l peye nan frè ki rete apre asirans lan fin peye) revni fwaye moun lan dwe nan nivo oswa pi ba pase desan pousan (200%) Gid Federal sou Povrete yo pou douz (12) mwa anvan yo oswa ane konplè anvan dat sèvis la oswa dat yo soumèt yon Aplikasyon pou Èd Finansye, selon sa ki rive pi ta a. Lòt posiblite, yon pasyan ka kalifye tou pou yon rediksyon san pousan (100 %) nan frè ki aplikab yo lè pòsyon ki pa peye nan bòdwo lopital pasyan an depase vennsenk pousan (25 %) revni anyèl fanmi an, men se sèlman kote total revni anyèl fanmi an mwens pase senk san pousan (500%) Gid Federal sou Povrete yo.
 - Depatman Sante ak Sèvis Sosyal (HHS) pibliye nivo Povrete Federal yo chak ane epi yo itilize yo pou detèmine si kalifikasyon pou pwogram ak avantaj gouvènman federal la ofri tankou asirans sante mache a, Medicaid, oswa kouvèti CHIP, men se pa yo sèlman. Ou ka jwenn limit revni sa yo la a: <https://www.healthcare.gov/glossary/federal-poverty-level-fpl/>
- Lè y ap detèmine revni fwaye yon moun, kondisyon ki annapre la yo aplike: Fwaye: youn oswa plizyè moun ki abite ansanm nan menm kay la ki gen bezwen, revni ak byen yo ki fè pati bidjè fwaye a, anwetan moun ki lwe yon chanm ak pansyonè yo. Manm yo gen ladan kandida a, mari/madanm legal, timoun depandan, timoun pa alyans, timoun ki adopte ak fanmi menm san ki poko gen laj vennsenk (25) lane, timoun minè ki pa fanmi kandida a, men kandida a oswa mari/madanm kandida a se responsab oswa gen lagad legal timoun lan; responsab legal oswa paran timoun minè, epi frè/sè minè timoun ki poko gen laj vennsenk (25) lane. Elèv ki gen plis pase vennsenk (25) lane, ki depann de fanmi an pou plis pase senkant pousan (50%) sipò yo fè pati gwosè fwaye a tou.
- Yo pral akòde rabè ki pi ba yo pou pasyan ki peye pwòp tèt yo ki gen revni fwaye yo ki depase de san pousan (200%) Gid Federal sou Povrete yo men ki mwens pase katsan pousan (400%):
 - Yo t ap akòde pasyan ki peye pou pwòp tèt yo ki gen revni yo ant de san pousan (200%) ak kat san pousan (400%) nivo Povrete Federal la yon rabè katreven disèt pousan (97%).
 - Pasyan ki gen asirans ki ant de san pousan (200%) ak kat san pousan (400%) Gid Federal sou Povrete yo epi ki posede balans ki rete pou peye ak lajan ki sot nan pòch yo kapab, dapre Komite Revizyon Finans lan jije nesèsè, resevwa yon rabè senkant pousan (50) % SÈLMAN sou rès balans pasyan an dwe peye ak lajan ki sot nan pòch li ki reprezante balans ki rete apre tout lòt peyè tyès pati yo fin peye. Yo pral konsidere rediksyon senkant pousan (50%) frè ki sot nan pòch pou pasyan sa yo kòm yon èd

konsidere vèsyon elektwonik politik sa a kòm vèsyon kontwole a. Yo konsidere kopi enprime yo kòm dokiman ki pa kontwole. Anvan w itilize yon kopi enprime, verifye ke se vèsyon aktyèl la.

POLITIK

finansye.

- Sizoka sèvis la pa sèvis dijans EPI pasyan ki peye pou pwòp tèt li an gen yon revni ki pi plis pase kat san en pousan (401%) Gid Federal sou Povrete a oswa pa gen enfòmasyon sou revni ki disponib pou li; y ap ofri rabè acha konsomatè a annakò ak politik Rabè CWF 50.5 pou pasyan ki peye pou pwòp tèt yo, ki byen presi selon etablisman an, ke yo mete ajou chak ane, epi ki pibliye nan estimatè acha sou entènèt la dapre direktiv Transparans Pri CMS yo.
- Kantite lajan yo fè nenpòt pasyan ki peye pou pwòp tèt li peye pou ijans oswa tout lòt swen ki nesèsè pou rezon medikal yo ap baze sou montan yo konn faktire dabitid (AGB) yo konn fè moun ki gen asirans ki kouvri swen sa yo peye nòmalmman nan chak lopital AdventHealth byen presi. Pou detèmine AGB li yo AdventHealth ap detèmine yon pousantaj AGB epi miltipliye pousantaj sa a pa frè brit yo pou sèvis yo bay moun lan. AdventHealth itilize youn nan senk kalite Kalkil Montan yo Konn Faktire Dabitid ki inik ki dekri nan §1.501(r)-5(b)(3) epi ki endike anba la a:
 - i. Metòd Retou Annaryè Medicare sèlman
 - ii. Metòd Retou annaryè Medicare ak asirans prive
 - iii. Metòd Retou annaryè Medicaid sèlman OSWA Medicaid ak asirans prive
 - iv. Metòd Pwospektif Medicaid sèlman
 - v. Metòd Pwospektif Medicare sèlman
 - Chak etablisman AdventHealth dwe chwazi youn nan senk metòd yo epi kalkile yon rabè chak ane kòm sadwa ki endike nan Dokiman 1. Ou ka jwenn yon dokiman ki detaye metodoloji AdventHealth itilize pou kalkile AGB an sou sit entènèt AdventHealth lan oswa ou ka mande l an pèsòn, nan telefòn oswa nan kourye.
- Frè pou yon moun ki kalifye pou èd finansye dapre politik èd finansye AdventHealth lan pou nenpòt sèvis medikal pral toujou mwens ke frè brit pou swen sa.
- Anplis evalyasyon nivo revni ki endike anwo a, yo ka aplike yon egzamen resous tou pou benefisyè Medicare yo sèlman. Objektif evalyasyon resous sa a se pou detèmine kalifikasyon pou èd finansye pou kandida ki pran retrèt ki gen revni fiks ki mwens pase oswa egal ak de san pousan (200%) gid federal sou povrete a. Yon resous pou rezon evalyasyon politik sa a ap reprezante nenpòt lajan kach oswa ekivalan lajan kach kandida a posede nan bank ansanm ak valè sèten kont investisman ki pa retrèt (sètadi, aksyon, obligasyon, ak byen imobilye). Men, kay kandida a ap viv ladan an ak yon sèl machin, sa gen ladan kay ki nan machin karavàn oswa motosiklèt yo, pa konte nan egzamen resous la. Anplis, yo pa konte okenn atik menaje nan kalkil resous yo. Pi presizeman, kont retrèt tankou 401(k), 401(a), 403(b) ak/oswa 457(b) pa konsidere kòm resous pou rezon egzamen èd finansye a, men se pa kont sa yo sèlman. Gid sa yo reflète Pwogram Epay Medicare a epi Sant pou Sèvis Medicare ak Medicaid (CMS) ka revize yo kòm sadwa. Ou ka jwenn detay byen presi yo nan <https://www.medicare.gov/basics/costs/help/medicare-savings-programs>
 - Si limit resous yo depase, sa ap fè yon kandida vin pa kalifye pou yo anile tout dèt li, epi nan moman sa, y ap aplike mwens rabè. W ap jwenn limit byen yo nan Dokiman 2 a – Limit Byen.

konsidere vèsyon elektwonik politik sa a kòm vèsyon kontwole a. Yo konsidere kopi enprime yo kòm dokiman ki pa kontwole. Anvan w itilize yon kopi enprime, verifye ke se vèsyon aktyèl la.

POLITIK

- Pou verifye revni an, yo ka itilize yon eta finansye pèsonèl oswa yo ka jwenn kopi Fòmilè W-2 ki pi resan kandida a, Fòmilè 1040 ki pi resan, relve taks, relve bank oswa nenpòt lòt fòmilè dokiman ki soutni rapò revni an. Revni an defini kòm nenpòt nan sa ki annapre la yo: a) peman ak salè; b) sipò timoun; c) pansyon alimantè apre divòs; d) konpansasyon pou chomaj; e) dedomajman pou aksidan nan travay; f) pansyon pou veteran; g) sekirite sosyal; h) pansyon oswa anwite; i) dividann; j) enterè sou ekonomi oswa bon; k) revni ki soti nan eritaj byen oswa fidisi; l) revni lwaye nèt oswa redevans; m) revni nèt nan travay endepandan; n) kontribisyon ki soti nan nenpòt sous, ki gen ladan nenpòt kantite lajan ki kontribye nan sipò nenpòt moun nan kay la jan yo defini anwo a.
- Yo dwe konsève nan dosye pasyan an dokimantasyon ki soutni verifikasyon revni an ak byen ki disponib yo kòm referans pou pi devan.
- Anplis li apiye sou enfòmasyon yo jwenn nan Aplikasyon pou Èd Finansye pasyan an ak/oswa Deklarasyon Finansye Pasyan/Kandida a, ak nenpòt lòt dokiman pasyan an bay pou soutni resous pasyan an, AdventHealth ka apiye sou yon Evalyasyon Endepandan sou Kalifikasyon (IEA) anplis pou pwouve resous pasyan an oswa li ka apiye tou sou enfòmasyon yon tyès pati pou verifye enfòmasyon pasyan an bay. Enfòmasyon sa yo ka gen ladan dokiman ki soti nan rapò sou kredi ki disponib anpasan pa biwo rapò kredi yo, epi enfòmasyon konsènan revni tout ane anvan an jan yo parèt sou transkripsyon taks IRS pou verifikasyon revni anpasan pa bazdone ke òganizasyon yo ka itilize pou verifye enfòmasyon sou travay ak revni. Bazdone sa yo fèt ak gwo depo santral enfòmasyon sou pewòl nan Ozetazini, ak plizyè milyon travay ki kontribye nan dosye pewòl yo. Enfòmasyon sou revni ki soti nan zouti sa yo ede fè moun pi byen konprann sityasyon finansye global moun lan.
 - Yo ka itilize zouti Evalyasyon Kalifikasyon Endepandan (Independent Eligibility Assessment, IEA) pou jistifye kalifikasyon pou èd finansye a. Yo ka fè Evalyasyon Endepandan pou Kalifikasyon pou mete rapò sou kredi ak lòt enfòmasyon ki disponib piblikman pou yo itilize pou detèmine, annakò avèk egzijans legal ki aplikab yo, estimasyon kantite moun ki nan kay la ak kantite revni yo kòm baz pou detèmine kalifikasyon pou èd finansye lè yon pasyan pa bay yon aplikasyon pou èd oswa dokiman sipò oswa pa kowopere nan lòt fason pou bay dokiman pou detèminasyon èd finansye. Zouti sa yo ansanm ak rapò sou kredi yo san limitasyon, lòt enfòmasyon sou resous yon tyès pati, epi verifikasyon revni ki ka itilize pou demontre bezwen finansye yon pasyan ki pa gen asirans san li pa ranpli yon aplikasyon pou èd finansye.
 - Y ap konsidere fòmilè aplikasyon pou èd finansye yo jiska 240 jou apre dat yo bay premye relve bòdwo apre egzayat la pou swen yo.
- Kalifikasyon prezime: Si pa gen yon Fòmilè Aplikasyon pou Èd Finansye ki ranpli, yo ka konsidere kòm moun ki kalifye pou èd finansye ki pi charitab moun ki pa gen asirans epi ki reprezante ak youn oswa plizyè kritè ki annapre la yo:
 - Moun lan idantifye tèt li kòm sanzabri.
 - Moun lan mouri epi yo pa konnen li gen okenn byen ni konjwen

konsidere vèsyon elektwonik politik sa a kòm vèsyon kontwole a. Yo konsidere kopi enprime yo kòm dokiman ki pa kontwole. Anvan w itilize yon kopi enprime, verifye ke se vèsyon aktyèl la.

POLITIK

- ki kapab peye balans oswa dèt lopital la.
 - Moun lan nan prizon pou yon krim.
 - Moun lan gen enkapasite mantal.
 - Moun lan kalifye pou Medicaid aktyèlman, men li pa te kalifye nan dat sèvis la.
 - Eta a kalifye moun lan pou l resevwa èd dapre Lwa sou Dedomajman Viktim Krim Vyolans oswa Lwa sou Dedomajman Viktim Agresyon Seksyèl.
 - Pa mwayen yon Evalyasyon Endepandan pou Kalifikasyon, yo te jije moun lan se yon moun ki gen yon eskò kapasite peman ki ba oswa yo pa konnen. Evalyasyon Endepandan Kalifikasyon an gen ladan algoritm ki entegre done ki soti nan biwo kredi, bazdone demografik, ak done byen presi pou lopital yo. Done rapò sou kredi tyès pati yo ak lòt sous done ki disponib piblikman yo itilize yon modèl prediksyon endistri swen sante a rekonèt ki baze sou bazdone dosye piblik yo pou kalkile yon eskò kapasite sosyo-ekonomik ak finansye. Enfòmasyon yo ranmase apati Evalyasyon Endepandan pou Kalifikasyon sa a pral konstitye dokiman apwopriye sou bezwen finansye dapre Politik sa a pou dedui ak klase moun yo nan kategori mwayen ekonomik kèlkeswa si yo te bay oswa yo pa te bay dokiman konplè volontèman.
 - Yo te apwouve moun lan anvan pou èd finansye, epi dat sèvis la tonbe nan douz (12) mwa anvan oswa douz (12) mwa apre dat apwobasyon aplikasyon orijinal la.
- Pou nenpòt moun yo sipoze ki kalifye pou èd finansye dapre politik sa a, menm aksyon ki dekri nan Seksyon C sa a ak nan tout politik sa a ta aplike kòm si moun lan te soumèt yon Fòmilè Aplikasyon ki ranpli pou Èd Finansye. Men, kèk nan popilasyon pasyan yo ka pa swiv pwosesis aplikasyon tradisyonèl èd finansye a. Si pasyan an pa soumèt aplikasyon pou Èd Finansye a, AdventHealth ka chwazi pou l bay Èd Finansye olye pou l voye pasyan an nan koleksyon baze sou Evalyasyon Endepandan pou Kalifikasyon an (IEA) ki endike anwo a.
 - N ap itilize tout efò rezonab pou jwenn enfòmasyon sou revni alekri, epi si yo pa bay yo, nou pral sèvi ak atestasyon pasyan an ak revni ki deklare pou detèmine kalifikasyon si nou pa kapab verifye anpasan pa IEA.

• **Metòd pou Aplikasyon pou Èd Finansye**

- Fòmilè Aplikasyon pou Èd Finansye AdventHealth la. Pou aplike pou èd finansye, moun lan dwe ranpli fòmilè Aplikasyon pou Èd Finansye AdventHealth la. Moun lan ap bay tout done sipò ki nesèsè pou verifye kalifikasyon li, sa gen ladan dokiman sipò pou verifye revni li. Fòmilè verifikasyon revni akseptab yo ge ladan, san limitasyon, W-2 ki pi resan an, Fòmilè taks 1040 ki te depoze pi resaman an, relve taks ki gen rapò ak demann 4506-T, relve bank, ak lèt sipò ki siyen lè revni fwaye a se zewo. Si gen dokiman ki verifye revni yon kandida, yon aplikasyon pou èd finansye ki apwouve ap aplike pou dat sèvis douz (12) mwa anvan ak douz (12) mwa apre dat apwobasyon an epi yo p ap oblije repete l. Dat sèvis ki deyò peryòd sa a pral mande pou gen yon nouvo aplikasyon pou èd.
- Pou li jwenn yon kopi fòm Aplikasyon pou Èd Finansye AdventHealth la, yon moun ka monte sou li sou sit entènèt lopital AdventHealth yo, li ka mande yon kopi gratis

konsidere vèsyon elektwonik politik sa a kòm vèsyon kontwole a. Yo konsidere kopi enprime yo kòm dokiman ki pa kontwole. Anvan w itilize yon kopi enprime, verifye ke se vèsyon aktyèl la.

POLITIK

nan kourye lapòs, li ka mande l nan depatman èd finansye a, oswa li ka mande yon kopi an pèsòn nan nenpòt lokal admisyon/anrejistreman AdventHealth.

- Y ap soumèt yon fòmilè Aplikasyon pou Èd Finansye AdventHealth ranpli bay Sèvis Finansye Pasyan pou yo travay sou li. Yo ka egzije moun lan bay prèv revni (POI). Anplis, benefisyè Medicare yo ka sibi yon tès anplis pou byen yo annakò avèk lwa federal. Yo fè yon evalyasyon pou detèmine kalifikasyon moun lan baze sou resous total moun lan (sa gen ladan, men pa sèlman, nivo revni fanmi an, byen yo (jan sa egzijib pou pasyan Medicare yo) ak lòt enfòmasyon aplikab yo). POI obligatwa pou balans ki pi plis pase \$25,000 pou pasyan yo ki gen asirans. Y ap aksepte atestasyon alekri pou pasyan ki pa gen asirans ak pou balans ki mwens pase \$25,000.
- **Aksyon yo ka pran Sizoka Peman pa Fèt:** San ven (120) jou apati dat etablisman lopital la bay premye relve bòdwo apre egzeyat la pou swen yo, AdventHealth ka angaje l nan aksyon koleksyon estwòdinè (ECA) ki gen ladan men se pa yo sèlman, vann dèt la bay yon tyès pati (gade seksyon E nan politik sa a pou plis enfòmasyon konsènan lavant dèt) sèlman apre yo fin bay moun lan notifikasyon ki annapre la yo omwen 30 jou anvan yo antreprann nenpòt ECA: 1) yo bay moun lan yon avi alekri, ansanm ak rezime nan langaj klè a, ki endike gen èd finansye ki disponib pou moun ki kalifye yo epi ki endike ECA byen presi yo ka antreprann apre yon dat limit ki fikse (dat limit la pa ka pi bonè pase 30 jou) apre yo fin bay avi alekri a), epi 2) yo fè yon tantativ rezonab pou enfòme yon moun sou politik èd finansye etablisman lopital AdventHealth la ak sou fason moun lan ka jwenn èd pou ede yo nan pwosesis aplikasyon pou èd finansye a.
 - *Pa gen Fòmilè Aplikasyon pou Èd Finansye ki Soumèt:* Si pa gen okenn Fòmilè Aplikasyon pou Èd Finansye ki te soumèt oplita nan san ven (120) jou apati dat etablisman lopital la bay premye relve bòdwo apre egzeyat la pou swen yo bay yo, epi dat limit ki endike nan avi alekri a pase, AdventHealth ka antreprann yon aktivite koleksyon estwòdinè. AdventHealth ka chwazi bay èd finansye kanmenm si yo pa soumèt yon fòmilè aplikasyon si yon lòt sous tyès pati ki baze sou Evalyasyon Endepandan Kalifikasyon an, endike prèv kredib ki montre pasyan an kalifye.
 - *Fòmilè Aplikasyon pou Èd Finansye yo Soumèt la pa Konplè:*

Si yon moun soumèt yon Aplikasyon pou Èd Finansye ki pa konplè nan lespas 240 jou apre dat yo bay premye relve bòdwo apre egzeyat la pou swen yo (peryòd aplikasyon an), AdventHealth dwe pran aksyon ki annapre la yo:

- Sispann tout aktivite koleksyon estwòdinè (ECA)
- Bay moun lan yon avi alekri ki dekri enfòmasyon ak/oswa dokiman anplis ki nesèsè dapre Politik Èd Finansye a oswa Fòmilè Aplikasyon pou Èd Finansye ke moun lan dwe soumèt nan yon delè rezonab epi ki gen ladan enfòmasyon kontak, sa gen ladan nimewo telefòn ak lokal fizik biwo oswa antite AdventHealth lan oswa depatman ki ka bay enfòmasyon sou politik èd finansye a, ansanm ak enfòmasyon kontak ki ka bay èd pou pwosesis aplikasyon pou èd finansye a oswa, kòm lòt chwa, yon òganizasyon ki pa pou pwofi oswa yon ajans leta ki ka bay èd pou pwosesis aplikasyon pou èd finansye a.
- Si Fòmilè Aplikasyon pou Èd Finansye a pa ranpli nan delè ki mansyone anwo a, lopital la ka antreprann oswa kontinye ECA a. Dwa

konsidere vèsyon elektwonik politik sa a kòm vèsyon kontwole a. Yo konsidere kopi enprime yo kòm dokiman ki pa kontwole. Anvan w itilize yon kopi enprime, verifye ke se vèsyon aktyèl la.

POLITIK

sezi ki lye ak asirans (machin, responsablite, vi ak sante) ki reprezante kantite lajan ki ka genyen ki dwe akòz reklamasyon yon moun AdventHealth bay swen, yo otorize dwa sezi sa yo nan zafè pwosesis koleksyon an. Yo p ap depoze okenn lòt jijman pèsònèl oswa dwa sezi kont moun ki kalifye pou politik èd finansye yo.

- AdventHealth pral fè omwen de tantativ pou kontakte moun lan pou fasilite lè yo ranpli yon aplikasyon ki enkonplè anvan yo reprann sik koleksyon nòm la.

- **Aplikasyon pou Èd Finansye yo Soumèt la Konplè:**

Si yon moun soumèt yon Aplikasyon pou Èd Finansye konplè pandan peryòd aplikasyon de san karant (240) jou apre dat yo bay premye relve bòdwo apre egzayat la pou swen yo, AdventHealth dwe pran aksyon ki annapre la yo:

- Pran ak dokimante desizyon konsènan kalifikasyon yon moun pou èd finansye.
- Enfòmasyon moun lan alekri nan yon delè rezonab sou desizyon yo pran sou kalifikasyon an ak sou kisa yo baze pou pran desizyon an, an jeneral nan swasant (60) jou oplita, apre yo fin resevwa yon Fòmilè Aplikasyon pou Èd Finansye ki ranpli.
- Bay moun lan yon relve bòdwo (ki pa obligatwa lè balans relve bòdwo an se \$0) ki endike kantite lajan moun lan dwe antanke moun ki kalifye pou politik èd finansye epi ki dekri kijan moun lan ka jwenn enfòmasyon konsènan AGB pou swen yo ak kòman AdventHealth la te detèmine kantite lajan moun lan dwe a.
- Ranbouse moun lan nenpòt peman ki depase depi pa gen lòt balans li dwe ki pa kalifye pou èd finansye.
- Pran tout dispozisyon ki disponib pou anile nenpòt ECA ki te pran kont moun lan.
- Bay nenpòt moun yo detèmine ki pa kalifye pou èd finansye yon notifikasyon alekri pou refi epi mete ladan yon rezon pou refi a ansanm ak yon pwosesis ak enfòmasyon kontak pou yo fè yon apèl. Si yon moun pa dakò avèk refi a, moun lan ka mande yon apèl alekri nan 45 jou oplita apre refi a. Apèl la dwe gen ladan nenpòt lòt enfòmasyon aplikab anplis ki ka ede fè evalyasyon apèl la. Komite Èd Finansye a ap egzamine chak mwa yon demann pou yon apèl pou anile yon refi. Yo pral kominike ba moun lan desizyon Komite Èd Finansye a pran nan swasant (60) jou oplita apre revizyon Komite a epi desizyon yo pral reflekte desizyon final Komite a.

konsidere vèsyon elektwonik politik sa a kòm vèsyon kontwole a. Yo konsidere kopi enprime yo kòm dokiman ki pa kontwole. Anvan w itilize yon kopi enprime, verifye ke se vèsyon aktyèl la.

POLITIK

- Lè li resevwa yon aplikasyon pou èd finansye ki konplè, etablisman lopital AdventHealth la ka repòte desizyon li sou kalifikasyon yon moun dapre politik èd finansye etablisman anpou pita si moun lan te soumèt yon aplikasyon pou èd Medicaid jiskaske yo fin detèmine kalifikasyon li pou Medicaid.

D. Responsablite Sèvis Finansye Pasyan

- Komite Revizyon Finans: Youn oswa plizyè manm nan Komite Revizyon Finans lan egzamine aplikasyon pasyan yo pou èd finansye, sa gen ladan Kowòdonatè finansye a, Sipèvizè oswa Responsab Èd Finansye a, yon Direktè, epi yon Vis Prezidan oswa yon kad ki pi wo. Komite Èd Finansye a egzamine rekòmandasyon pou èd finansye majinal ak sa ki pa woutin ki egzije yon revizyon ka pa ka.
- Komite Revizyon Finansye a dwe apwouve èd finansye ki depase \$25,000 pou chak kont.
- Apre revizyon ak apwobasyon Komite Èd Finansye a, Sèvis Finansye Pasyan pral aplike èd finansye ki apwouve a nan kont moun lan.
- Sèvis Finansye Pasyan yo responsab pou yo detèmine si AdventHealth te fè efò rezonab pou evalye si yon moun kalifye pou politik èd finansye – ak si lopital la ka aji pou angaje nan nenpòt ECA.
- Ajans faktirasyon ki gen kontra avèk AdventHealth pou bay sèvis koleksyon yo ap respekte politik èd finansye sa a pou sa ki konsène tout zafè faktirasyon ak koleksyon yo.
- Yo konsidere kòm yon Aktivite Koleksyon Estwòdinè (Extraordinary Collection Activity, ECA) lavant dèt yon moun ba yon tyès pati (eksepte lavant ki pa Aktivite Koleksyon Estwòdinè(ECA) jan sa dekri anba la), epi yo pa dwe antreprann lavant lan jiskaske yo fini swiv etap obligatwa yo ki endike anwo a nan Seksyon C. Nenpòt lavant dèt ki pwopoze, gwoup AdventHealth Senior Finance la dwe apwouve kontra sèvis kad la epi soumèt li nan Pwosesis Revizyon Kontra AdventHealth la anvan ekzekisyon.

Yo pa konsidere sèten lavant dèt kòm Aktivite Koleksyon Estwòdinè. Lavant dèt ki pa ECA yo egzije pou AdventHealth konkli yon akò alekri ki gen fòs legal avèk achtè dèt la ki presize sa ki annapre la yo:

- Achtè a pa ka angaje nan okenn Aktivite Koleksyon Estwòdinè (ECA).
- Yo entèdi achtè a fè moun peye enterè sou dèt la ki depase yon to IRS etabli.
- Etablisman lopital AdventHealth la ka ranbouse oswa rekilibre dèt la si li detèmine moun lan kalifye pou politik èd finansye a; epi
- Si dèt la pa rekilibre oswa ranbouse, achtè a dwe asire ke moun lan pa peye plis pase sa li responsab pèsonèlman kòm yon moun ki kalifye dapre politik èd finansye a.

konsidere vèsyon elektwonik politik sa a kòm vèsyon kontwole a. Yo konsidere kopi enprime yo kòm dokiman ki pa kontwole. Anvan w itilize yon kopi enprime, verifye ke se vèsyon aktyèl la.

E. Plan Peman Endividyèl yo

- Y ap ofri plan peman pou tout pasyan ki peye pou pwòp tèt yo. Tout aktivite koleksyon yo ap fèt an konfòmite avèk lwa federal ak lwa ki kontwole pratik koleksyon dèt yo. Pa gen okenn enterè ki pral akimile sou balans kont yo pandan peman yo ap fèt sòf si moun lan te chwazi volontèman pou li patisipe nan yon aranjman peman ki gen enterè ke yon pretè finansman konsomatè tyès pati deyò mete sou li.
- Si yon moun konfòme li avèk kondisyon ki nan plan peman ki devlope apa pou li a, yo p ap pran okenn aksyon koleksyon kont li.

F. Konsèvasyon Dosye

- Y ap konsève yon dosye, sou papye oswa elektwonik ki montre otorizasyon pou èd finansye a ansanm ak kopi tout fòmilè aplikasyon ak fèy kalkil yo.
- Yo pral konsève enfòmasyon rezime konsènan aplikasyon yo trete yo epi èd finansye yo bay yo annakò ak politik pou konsèvasyon dosye yo. Rezime enfòmasyon yo gen ladan kantite pasyan ki te aplike pou èd finansye nan AdventHealth, konbyen pasyan ki te resevwa èd finansye, kantite èd finansye yo bay chak pasyan, ak bòdwo total pou chak pasyan.
- Yo pral rapòte pri èd finansye a chak ane nan Rapò Avantaj Kominote a. Yo pral rapòte Èd Finansye a (Swen Byenfèzans) kòm pri swen yo bay (pa kòm frè) pa mwayen depans fonksyonman ki pi resan ki disponib ak rapò pri/frè ki lye ak depans sa yo.

G. Sibòdone a Lalwa: Prestasyon èd finansye a kapab depann de lalwa onivo federal, eta oswa lokal kounye a oswa alavni. Lalwa sa aplike nan limit li enpoze egzijans ki pi estrik pase politik sa a.

IV. DEFINISYON (YO): Kalite pasyan ki kouvri anba politik sa a gen ladan, men se pa nesesèman pasyan sa yo sèlman:

- Pasyan Ekstèn Dijans (OP)
- Admisyon Dijans (pasyan ki entène (IP) oswa ki nan obsèvasyon (OBS))
- Swivi IP/OP anrapò ak vizit ijan yo te gen anvan yo

Tanpri gade dokiman siplemantè a ki nan politik sa a pou jwenn yon lis tout doktè ki bay swen ijan nan etablisman lopital AdventHealth yo, epi li presize ki founisè ki konsène nan politik èd finansye sa a epi sa ki pa konsène yo. Ou ka jwenn aksè nan lis founisè ki nan dokiman siplemantè politik la sou entènèt nan sit entènèt AdventHealth la. Ou ka jwenn yon kopi sou papye gratis nan Depatman Sèvis Finansye Pasyan etablisman lopital AdventHealth la.

Yo fè mizajou nan lis founisè a chak twa mwa pou ajoute enfòmasyon ki nouvo oswa ki manke, pou korije enfòmasyon ki gen erè, epi pou efase enfòmasyon ki perime. W ap jwenn dat mizajou ki pi resan an nan lis founisè a.

konsidere vèsyon elektwonik politik sa a kòm vèsyon kontwole a. Yo konsidere kopi enprime yo kòm dokiman ki pa kontwole. Anvan w itilize yon kopi enprime, verifye ke se vèsyon aktyèl la.

POLITIK

AdventHealth ka mete non doktè endividyèl, gwoup kabinè yo oswa tout lòt antite ki bay swen dijans oswa swen ki nesèsè pou rezon medikal nan lis la selon non yo itilize swa pou fè kontra ak lopital la oubyen pou faktire pasyan yo pou swen yo bay yo.

V. **EKSEPSYON (YO):** Lopital AdventHealth ki sitiye nan Colorado ak Illinois gen politik apa men ki sanble ak sa yo akòz konsiderasyon pou Eta a prezizeman ak pou pwopriyete konjwen yo. Lopital sa yo se eksepsyon pou politik sa a.

VI. **REFERANS (YO):**

VII. **DOKIMAN KI ASOSYE (YO) / PYÈS JWENT (YO):**

konsidere vèsyon elektwonik politik sa a kòm vèsyon kontwole a. Yo konsidere kopi enprime yo kòm dokiman ki pa kontwole. Anvan w itilize yon kopi enprime, verifye ke se vèsyon aktyèl la.

Dokiman 1 – Rabè pou moun ki peye pou pwòp tèt yo an 2023 – Retou annaryè ki gen ladan Medicare

2023 AdventHealth Kalkil rabè pou Moun ki peye pou pwòp tèt yo	2023 % Rabè ki mande pou moun ki peye pou pwòp tèt yo (501r)
Rejyon Sidès	
Hendersonville	70%
Murray	87%
Manchester	80%
Gordon	87%
Redmond	87%
Rejyon Great Lakes	
Hinsdale Hospital	75%
La Grange Memorial Hospital	75%
Bolingbrook Hospital	75%
GlenOaks Medical Center	75%
Rejyon Sidwès	
Texas Health Huguley	78%
Mansfield	78%
Santral Texas	78%
Rollins Brook	78%
Rejyon Sant Etazini	
Shawnee Mission	82%
Durand	31%
South Overland Park***	82%
Ottawa	82%
Divizyon Sid Santral Florid	
Orlando	79%
Divizyon Lwès Florid	
Tampa/Pepin	86%
Zephyrhills	86%

konsidere vèsyon elektwonik politik sa a kòm vèsyon kontwòle a. Yo konsidere kopi enprime yo kòm dokiman ki pa kontwòle. Anvan w itilize yon kopi enprime, verifye ke se vèsyon aktyèl la.

POLITIK

Carrollwood	86%
Connerton	86%
Wesley Chapel	86%
North Pinellas	86%
Dade City	86%
Ocala	86%
Sebring	86%
Heart of Florida	86%
Lake Wales	86%

Divizyon Nò Santral Florid

Deland	79%
Pwason	79%
Palm Coast	79%
New Smyrna	79%
Daytona Beach	79%
Waterman	79%

konsidere vèsyon elektwonik politik sa a kòm vèsyon kontwole a. Yo konsidere kopi enprime yo kòm dokiman ki pa kontwole. Anvan w itilize yon kopi enprime, verifye ke se vèsyon aktyèl la.

**2023
AdventHealth**

Kalkil rabè pou Moun ki peye pou pwòp tèt yo

**2023
Rabè ki mande pou moun ki peye pou pwòp tèt yo% (501r)
Metòd kalkil AGB**

Rejyon Sidès		
Hendersonville	70%	Metòd Retou Annaryè 12-Mwa Comm+Mcare
Murray	87%	Metòd Retou Annaryè 12-Mwa Comm+Mcare
Manchester	80%	Metòd Retou Annaryè 12-Mwa Comm+Mcare
Gordon	87%	Metòd Retou Annaryè 12-Mwa Comm+Mcare
Redmond	87%	Metòd Retou Annaryè 12-Mwa Comm+Mcare
Rejyon Great Lakes		
Hinsdale Hospital	75%	Metòd Retou Annaryè 12-Mwa Comm+Mcare
La Grange Memorial Hospital	75%	Metòd Retou Annaryè 12-Mwa Comm+Mcare
Bolingbrook Hospital	75%	Metòd Retou Annaryè 12-Mwa Comm+Mcare
GlenOaks Medical Center	75%	Metòd Retou Annaryè 12-Mwa Comm+Mcare
Rejyon Sidwès		
Texas Health Huguley	78%	Metòd Retou Annaryè 12-Mwa Comm+Mcare
Mansfield	78%	Metòd Retou Annaryè 12-Mwa Comm+Mcare
Santral Texas	78%	Metòd Retou Annaryè 12-Mwa Comm+Mcare
Rollins Brook	78%	Metòd Retou Annaryè 12-Mwa Comm+Mcare
Rejyon Sant Etazini		
Shawnee Mission	82%	Metòd Retou Annaryè 12-Mwa Comm+Mcare
Durand	31%	Metòd Retou Annaryè 12-Mwa Comm+Mcare
South Overland Park***	82%	Metòd Retou Annaryè 12-Mwa Comm+Mcare
Ottawa	82%	Metòd Retou Annaryè 12-Mwa Comm+Mcare
Divizyon Sid Santral Florid		
Orlando	79%	Metòd Retou Annaryè 12-Mwa Medicare sèlman
Divizyon Lwès Florid		
Tampa/Pepin	86%	Metòd Retou Annaryè 12-Mwa Comm+Mcare
Zephyrhills	86%	Metòd Retou Annaryè 12-Mwa Comm+Mcare
Carrollwood	86%	Metòd Retou Annaryè 12-Mwa Comm+Mcare

konsidere vèsyon elektwonik politik sa a kòm vèsyon kontwole a. Yo konsidere kopi enprime yo kòm dokiman ki pa kontwole. Anvan w itilize yon kopi enprime, verifye ke se vèsyon aktyèl la.

POLITIK

Connerton	86%	Metòd Retou Annaryè 12-Mwa Comm+Mcare
Wesley Chapel	86%	Metòd Retou Annaryè 12-Mwa Comm+Mcare
North Pinellas	86%	Metòd Retou Annaryè 12-Mwa Comm+Mcare
Dade City	86%	Metòd Retou Annaryè 12-Mwa Comm+Mcare
Ocala	86%	Metòd Retou Annaryè 12-Mwa Comm+Mcare
Sebring	86%	Metòd Retou Annaryè 12-Mwa Comm+Mcare
Heart of Florida	86%	Metòd Retou Annaryè 12-Mwa Comm+Mcare
Lake Wales	86%	Metòd Retou Annaryè 12-Mwa Comm+Mcare

Divizyon Nò Santral Florid		
Deland	79%	Metòd Retou Annaryè 12-Mwa Comm+Mcare
Pwason	79%	Metòd Retou Annaryè 12-Mwa Comm+Mcare
Palm Coast	79%	Metòd Retou Annaryè 12-Mwa Comm+Mcare
New Smyrna	79%	Metòd Retou Annaryè 12-Mwa Comm+Mcare
Daytona Beach	79%	Metòd Retou Annaryè 12-Mwa Comm+Mcare
Waterman	79%	Metòd Retou Annaryè 12-Mwa Comm+Mcare

Dokiman 2 – Egzamen Byen yo

Sonje: limit yo ki anba a se limit resous Pwogram Epay Pataje Medicare pou 2022 epi yo ka mete yo ajou chak ane nan <https://www.medicare.gov/basics/costs/help/medicare-savings-programs>

<i>Yon Moun</i>	\$8,400
<i>Koup ki marye</i>	\$12,600

konsidere vèsyon elektwonik politik sa a kòm vèsyon kontwole a. Yo konsidere kopi enprime yo kòm dokiman ki pa kontwole. Anvan w itilize yon kopi enprime, verifye ke se vèsyon aktyèl la.